



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO, AKONPAYE AK LIDÈ MOUVMAN TIME'S UP LA YO, SIYEN LEJISLASYON K AP PWOLONJE DELÈ PRESKRIPSYON POU VYÒL ODEZYÈM AK TWAZYÈM DEGRE YO

L ap Pwolonje Delè Preskripsyon yo Vin 20 Tan pou Vyòl Odezyèm Degre yo epi vin 10 zan pou Vyòl Otwazyèm Degre yo - ki se yon Ogmantasyon 5 an plis Pase Lwa ki te la Avan

Bay Viktim Vyòl yo Plis Tan pou yo Chache Jwenn Jistis

Se yon Eleman Kle nan kad Kanpay "Ajanda Jistis pou Fanm: Moman An Se Kounye a" Gouvènè a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo, akonpaye ak lidè mouvman MOMAN RIVE (TIME'S UP) ak NOW-NYC a yo, te siyen lejislasyon (S.6574/A.8412) k ap pwolonje delè preskripsyon yo vin 20 tan pou vyòl odezyèm degre yo epi vin 10 zan pou vyòl otwazyèm degre yo. Lwa a pwolonje tou delè preskripsyon yo vin 20 tan pou yon zak seksyèl kriminèl odezyèm degre ak ensès odezyèm degre, epi vin 10 zan pou yon zak seksyèl kriminèl otwazyèm degre. Lwa sa a elimine tou delè preskripsyon pou ensès opremye degre epi ogmante peryòd tan kote viktim yo ka entante yon pwochè sivil pou enfrazyon sa yo vin 20 tan. Avan nouvo lwa sa a, viktim yo te gen sèlman senkan pou yo entante yon pwochè legal lè yo alege vyòl odezyèm degre oswa otwazyèm degre oswa yon zak seksyèl kriminèl odezyèm degre oswa otwazyèm degre. Angwo, lwa sa pral ofri viktim yo plis opòtinite pou yo chache jwenn jistis.

"Te gen yon kilti asèlman ak abi seksyèl kontinyèl ak sistematik nan sosyete nou an, epi lefèt ke viktim vyòl odezyèm ak otwazyèm degre yo sèlman gen senkan pou yo entante yon reklamasyon legal kont agresè yo a te rann sitiyasyon an pi mal ankò. Senkan se yon afwon pou sivivan sa yo epi jodi a n ap ofri yo plis tan pou yo dijere twoma yo te viv la epi chache jwenn jistis", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo lwa a rekonèt enjistis yo t ap sibi pandan twò lontan deja epi onore tout fanm ki te soufri doulè sa a ak tout defansè ki te gen kouraj pou yo denonse agresyon yo epi pataje istwa yo pou lòt fanm yo ka evite soufri menm doulè a."

"Antake yon eleman nan kad Ajanda Jistis pou Fanm lan epi an patenarya ak mouvman TIME'S UP la, mezi sa pral pèmèt Nouyòkè yo chache jwenn jistis epi ede asire yo fè plis agresè seksyèl peye pou krim yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nan New York, nou pran angajman pou n chanje kilti a, konbat asèlman seksyèl, ak pwoteje fanm yo kont vyolans. Pwolonjman delè preskripsyon pou vyòl yo se yon gran pa vè lavan an favè viktim toupatou nan eta nou an."

Delè preskripsyon pou vyòl yo enpoze yon delè sou konbyen tan viktim yo genyen pou yo kapab denonse yon vyòl si yo vle pote plent. Pandan ane ki sot pase a, viktim ki te souffri an silans pandan plizyè deseni yo te pale ak kouraj de abi yo, epi yo te revele kapasite limite eta a genyen pou l pouswiv abizè yo lajistis akòz tan ki te pase a. Viktim sa yo te chanje kilti silans lan tou, sa k ap responsabilize lòt viktim yo pou yo denonse abizè yo epi ofri yon platfòm pou yo pataje istwa yo. Pou rekonèt reyalyte sa a, eta toupatou nan peyi a ap pwolonje oswa elimine delè preskripsyon ki genyen pou krim vyolans seksyèl yo.

Gouvènè a te pwopoze pou premye fwa refòm sa yo kòm yon eleman nan kad Ajanda Jistis pou Fanm 2019 la; li te pwopoze sa ankò nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 an. Lejislati a pa t adopte inisyativ la, epi avèk 11 jou ki rete nan sesyon lejislatif la, Gouvènè a te lanse kanpay "Ajanda Jistis pou Fanm: Moman An Se Kounye a" (Women's Justice Agenda: The Time Is Now) pou akouraje lejislati a pwolonje delè preskripsyon pou vyòl odezyèm ak otwazyèm degre yo.

New York se yon lidè nasyonal nan lit kont asèlman seksyèl la epi ane sa a, Gouvènè Cuomo te pwomilge nouvo pwoteksyon radikal kont asèlman nan travay pou ajoute sou pake asèlman seksyèl global lidè nan nasyon an ke eta deja genyen an. Mwa out la, Gouvènè a te siyen lejislasyon pou ranfòse lwa kont diskriminasyon New York yo pou asire anplwaye yo ka chache jwenn jistis epi agresè yo pral peye pou krim yo lè nou elimine restriksyon ki di asèlman an dwe "sevè oubyen jeneralize" pou yon moun ka pran aksyon legal; egzije tout akò konfidansyalite pèmèt anplwaye yo depoze yon plent asèlman oubyen diskriminasyon; epi pwolonje dèlè preskripsyon pou plent asèlman seksyèl nan travay yo depoze yo soti yon ane vin twazan.

Senatè Alessandra Biaggi te deklare, "Daprè eksperyans pèsonèl kote m te rete silans apre mwen te siviv abi seksyèl, li ka pran anpil deseni avan yon moun an mezi pou l denonse yon agresyon epi santi l prè pou yo pouswiv agresè a lajistis. Lè nou pwolonje delè preskripsyon yo pou sèten enfraksyon vyòl, zak seksyèl kriminèl, ak ensès, Eta New York ap adopte pwosedi k ap pèmèt sivivan vyolans seksyèl yo fè rapò yo nan pwòp fason ak nan lè yo kapab. Mwen remèsye Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins, pou angajman yo pran pou rann lejislasyon sa vin yon reyalyte. Li enpòtan anpil pou n kontinye pwomilge lwa k ap fè agresè yo peye pou krim yo, epi priyorize sekirite ak byennèt sivivan yo".

Manm Asanble Aravella Simotas te deklare, "Kilti nou an pito aprann moun evite viktim vyòl olye yo aprann moun pa vyole. Lè nou mete lwa nou yo ajou, n ap voye yon mesaj fèm ki di ke sivivan yo vo lapèn, istwa yo vo lapèn epi New York p ap refize okenn mwayen k ap rann lajistis aksesib. Mwen fyè paske n ap resi ofri sivivan yo yon peryòd tan rezonab pou yo dijere twoma yo a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, Senatè Biaggi, defansè Times Up yo ak kòlèg mwen yo nan Lejislati a paske yo konprann ijans ki genyen pou priyorize refòm sa yo".

Julianne Moore, ki se youn nan 300 fanm nan endistri divètisman ki te ede lanse mouvman TIME'S UP la an 2017, te deklare, "Mèsi anpli Gouvènè Cuomo ak Lejislati Eta New York la paske nou pwomilge pwojè lwa sa a ki trèz enpòtan. Mwen fyè paske m se yon Nouyòkè epi m rekonesan paske anpil sivivan pral kapab chache jwenn jistis yo merite".

Mira Sorvino, ki te vwayaje vin Albany, ansanm ak lidè TIME'S UP yo Leslie Silva, Carmen LoBue ak Robbie Kaplan, pou defann pwojè lwa a, te deklare, "Lè nou siyen pwojè lwa sa, I ap make yon roman desizif, yon vrè avansman nan lit kont kilti vyòl la non sèlman nan New York, men tou nan tout peyi a. Akoz de li, plis sivivan ka jwenn jou yo nan tribinal epi gen yon chans pou yo jwenn jistis".

Aktris ak Aktivis TIME'S UP, Michelle Hurd te deklare, "Jodi a, Gouvènè Cuomo ak lidè eta a yo ap pran yon pa istorik pou korije mal ki te gen nan lwa a epi asire anpil sivivan nan New York ka jwenn jistis yo merite. Eta New York p ap gen dat dekspirasyon enjys sa ankò sou jistis pou sivivan vyòl yo".

Sonia Ossorio, ki se Prezidan National Organization for Women - New York yo, te deklare, "Vyòl se yon krim k ap dechire tisi sosyal sosyete nou an epi jodi a New York ap di nou chak gen dwa pou n chache jwenn jistis. Se yon gran viktwa pou fanm, gason ak fanmi New York yo. Nou aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li te bay nan kad efò pou abòde pwoblèm enpòtan sa a ak paske I kanpe an solidarite ak sivivan yo".

Jennifer Klein, ki se Responsab Anchèf Politik ak Estrateji nan TIME'S UP te deklare, "Mwen vrèman fyè pou m wè Gouvènè a siyen pwojè lwa enpòtan sa vin lwa. Nou swete pwojè lwa sa enspire plis mezi alavni pou asire sekirite, ekite ak travay diy pou tout sòt fanm".

Alysia Reiner, ki se yon manm aktiv rezo TIME'S UP la nan New York te deklare, "Mwen vrèman fyè pou m la jodi a, pou m wè pouvwa fanm genyen lè nou mete tèt ansanm ak lè youn defann lòt. Depi nan kòmansman mouvman TIME'S UP la, nou te gen yon objektif pou chanjman sistematik sou plan legal ak gouvènmanal pou n pwoteje sivivan yo ak viktim ki ka sibi vyolans ak asèlman seksyèl yo alavni, epi li vrèman gratifyan pou n wè I rive fèt jodi a".

Robbie Kaplan, ki se ko-fondatris Fon Defans Jiridik TIME'S UP la (TIME'S UP Legal Defense Fund), te deklare, "Pwojè lwa sa yo siyen an se jis pati vizib aysbèg la. Pandan dezan ki sot pase yo, nou te konstwi yon mouvman pisan ki inaretab an favè ekite ak jistis. Nou p ap tounen dèyè. Ret branche".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)